

# Byenvini O Kanada



## FÒMASYON APRÈ LEKÒL SEGONDÈ



Fòmasyon aprè lekòl segondè oubyen pòs segondè kòmanse lè ou tèmine lekòl segondè. Gen diferant kalite enstitisyon ki bay fòmasyon pòs segondè, tankou Inivèsite, Kolèj ak enstiti.

Pifò enstitisyon an jeneral genyen 2 gran sesyon fòmasyon pa ane: de septanm a desanm epi de janvyè a avril. Anpil enstitisyon pòs segondè ofri tou etid pat taym oubyen tan pasyèl, ak kou onlay, menm pandan lete.

### KOLÈJ, ENSTITI AK INIVÈSITE

Abityèlman, Kolèj ak enstiti yo ofri pwogram ki dire 1 a 3zan. Yo bay diplòm ak sètifika ki kalifye gradye yo pou yo travay nan kèk domèn espesifik tankou teknoloji, lasante, biznis, otèlri ak touris. Nan Kebèk, ou ka jwenn lekòl pwofesyonèl yo pa mwayen konsèy eskolè.

Inivèsite ofri pwogram akademik pou Bakaloreya ak pwogram Metriz, Doktora nan domèn atis, lasyans yo, ak pwogram pwofesyonèl nan domèn tankou lasyans, teknoloji, enjenyè ak matematik. Pifò pwogram inivèsite dire omwen 4 an.

### CHWAZI YON PWOGAM PÒS SEGONDÈ

Pou jwenn yon pwogram pòs segondè ki enterese, ou ka gade sitwèb tankou [ÉduCanada - Accueil \(educanada.ca\)](https://educanada.ca), [Accueil \(cicdi.ca\)](https://cicdi.ca), [Universités Canada : porte-parole des universités canadiennes \(univcan.ca\)](https://univcan.ca), [Colleges and Institutes Canada – The Voice of Canada’s Colleges & Institutes \(collegesinstitutes.ca\)](https://collegesinstitutes.ca), ak [National Association of Career Colleges](https://nationalassociationofcareercolleges.ca), oubyen ou ka chache sou sitwèb pèsònèl inivèsite yo.



## REKONESANS DIPLÒM

Avan w etidye nan yon enstitisyon pòs segondè O Kanada, w ap bezwen rekonesans pou diplòm ou gen kounye a. Kontakte lekòl pòs segondè yo ki enterese ou, pou w ka konnen ki kalite evalyasyon diplòm yo mande e aksepte. Asire ou ke ou genyen tout dokiman ke w te gen depi nan peyi w, tankou sètifika e relve nòt. Dokiman sa yo ap bezwen tradwi an angle oubyen an franse, si nesèsè.

## ADMISYON

Chache konnen ki etap pou admisyon nan lekòl ou chwazi a epi voye aplikasyon ou. An jeneral, kit se Kolèj oubyen Inivèsite, yo mande yon diplòm lekòl segondè. Si ou pa gen diplòm segondè a, ou kapab aplike sou baz eksperyans kòm etidyan ki granmoun. Etidyan sa yo dwe gen 19 an ou plis, e yo dwe sitwayen Kanadyen oubyen rezidan pèmanan. Si Anglè oubyen Fransè pa premye lang ou, wap bezwen pran yon tès pou w demontre konpetans ou nan lang ofisyèl yo.



## ÈD FINANSYÈ

Tout etidyan dwe peye etid yo e bay yon frè pou fòmasyon pòs segondè a. Gouvènman federal, pwovens ak teritwa yo ofri èd finansyè sou fòm prè etidyan ke ou gen pou w peye aprè w fin gradye; epi sibvansyon ak bous ke ou pa bezwen ranbouse.

Bank yo tou ofri prè etidyan prive, men kondisyon yo pa souvan bon, menm jan ak prè gouvènman an.

Yon fon anrejistre pou Edikasyon se yon kont ekonomi san taks pou edikasyon ki pèmèt paran yo, fanmi ou byen zanmi yo mete lajan sou kote pou fòmasyon pòs segondè yon timoun.

Bòn chans nan fòmasyon ou O Kanada!

## POU PLIS ENFÒMASYON



Pou plis enfòmasyon sou edikasyon pòs segondè, vizite [L'éducation au Canada : éducation postsecondaire - Canada.ca](https://www150.cic.gc.ca/fr/education-au-canada/education-postsecondaire-canada-ca).



Pou jwenn sèvis etablisman nan zòn ou an vizite [Nouveaux arrivants : Trouvez des services gratuits près de chez vous \(cic.gc.ca\)](https://www150.cic.gc.ca/fr/nouveaux-arrivants/trouvez-des-services-gratuits-pres-de-chez-vous-cic-gc-ca).

